

# Gid Rekonpans Anplwaye Massachusetts Pou Anplwaye ki Andomaje

Esta guía está disponible en español en nuestro sitio electrónico: [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

Este Guia está disponível em português no nosso site: [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

Es manual sta skritu na Kriolu di Kabu Verdi prontu pa bu uzu na *website* (pagina na interneti): [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

本指南的中文版位於我們的網址:  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

Có Hướng Dẫn này bằng tiếng Việt Nam tại mạng lưới của chúng tôi:  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

W ap jwenn gid sa a ekri nan lang kreyòl sou sit entènèt nou an : [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

គោលការណ៍នេះនាំនូវដោយសារព័ត៌មាននៃបច្ចាយរបស់ខ្លួន  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

يتوفر هذا الدليل باللغة العربية على موقعنا التالي على الويب:  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)



## Kisa Rekonpanse Anplwaye ye?

Sistèm Rekonpans Anplwaye Massachusetts an efe pou asire ke anplwaye yo pwoteje pa yon asirans si yo ta vin andomaje nan travay yo oswa vin gen yon malady an relasyon ak travay yo.

Dapre sistèm lan, **tout patwon oblige founi kouveti asirans Rekonpans Anplwaye (WC) a tout anplwaye I yo** dapre sa Lwa Jeneral Massachusetts Ch. 152, Sek.25A di. Asirans sa peye pou tretman rezonab ak nesèsè an relasyon ak yon andomajman oswa maladi ki konsenen travay la, rekonpans pou salè ki pèdi aprè premye sink jou kalandriye disabiliti pasyèl oswa anplen, epi nan sèten ka founi fòmasyon pou anplwaye ki ta kalifye.

Depatman Aksidan Endistriyèl (DIA) se ajans ki responsab pou administre lwa Rekonpans Anplwaye nan Massachusetts.

## Sa Nou Fè

Nòrmalman DIADIA se yon sistèm tribunal ki responsab rezoud diskisyon reklamasyon Rekonpans Anplwaye. Anplwaye Enfòmasyon Piblik nou an ka repòn kesyon regadan benefis Rekonpans Anpwaye epi fè w kon kisa pou fè egzakteman pou resevwa benefis sa yo. Si moun ki asire w lan nye reklamasyon andomajman w oswa maladi oubyen si ou pa resevwa tout benefis ke ou panse ke ou gen dwa a, anplwaye Enfòmasyon Piblik DIA la pou gide w nan pwosedi an.

Li enpòtan pou kenbe nenpòt ki dokiman ke patwon w oswa asirans li an voye ba ou, epi ak kopi nenpòt ki fòm yo ta fè w ranpli. Si w ta re;e Biwo Enfòmasyon Piblik nou an, fòk ou gen fòm sa yo bò kote w ak plim ak papye. Si ou ekri keksyon w yo an avans sa gen dwa ede w pou pa blye poze tout keksyon ou ta ka genyen.

Ti pamflè sa se enfònasyon jeneral konsenan etap pou swiv si ou ta gen andomaje nan travay oswa malady poutèt travay la. Gid sa founi enfòmasyon konsenan **responsabilite pa w ak sa patwon w ak konpanyi asirans patwon w lan**. Gid sa pral eksplike pwosedi dispit Rekonpans Anplwaye, ak benefis ki disponib, enkli ak Ako Montan An Blok ak Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl. Anpil nan kesyon yo poze li pli souvan sou sit entènèt nou nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia).

Fòk ou konnen ke enfòmasyon ki nan bwochi sa se enfòmasyon jeneral e li pa fèt pou ranplase konsèy legal. Chanjman nan lalwa oswa fè spesifik nan ka w la gen dwa koze entèpretasyon legal, ki diferan ke sa ki prezante la.

## Eske Ou Bezwèn Yon Avoka?

Asirans lan oswa patwon an pa dispute mwatye nan tour reklamasyon anplwaye ki andomaje yo. Si yo ta dispute reklamasyon w lan, **li vreman ankouraje ke ou pran yon avoka** pou pwoteje dwa a ak entere w, paske lwa rekompanse anplwaye komplike. Lalwa egzije ke konpanyi asirans lan peye frè avoka a si ou ta genyen ka w lan. Nan sèten sitiyasyon konpayi asirans lan gen dwa redwi payman w yo pou ede peye avoka w lan. Si ou pèdi, avoka a ka chaje w sèlman pou depans byen spesifik. Ou pa vreman *bezwèn* yon avoka pou anrejistre yon reklamasyon, e ou gen dwa reprezante tèt ou nan pwosè a devan DIA an. Anjeneral sa pa rekomande.

**Anplwaye DIA pa gen dwa refere okenn avoka.** Asosyasyon Bawo Massachusetts gen dwa refere w bay avoka ki okipe ka rekonpans anplwaye. Pou rantre an kontak ak sèvis referans avoak Asosyasyon Bawo Massachusetts, rele (617) 654-0400 nan zòn Boston an oswa nan telefòn gratis lan nan (866) 627-7577, oswa ale nan [www.massbar.org](http://www.massbar.org), epi klike sou seksyon “**Need a Lawyer?**” [“Bezwèn yon Avoka?”].

## Kisa Ki Pase Si Ou Gen Yon Andomajman Oswa Maladi En Relasyon Ak Travay la?

Si w ta gen yon adomajman oswa malady an relasyon ak travay ou, ki fè w pèdi lè nan travay la pou omwen sink jou komplè oswa pati nan jounen an, fòk patwon anrejistre *EPremye Rapò Patwon pou Andomajman oswa Lanmò (Fòm 101)*. Yon kopi anrejistre ak DIA an, dezyèm lan ak konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye patwon an, epi yap ba ou yon twazyèm. *Fòm 101* oblige anrejiste nan yon peryòd de sèt jou (Dimanch ak jou ferye pa konte) apati de sinkyèm jou andomajman oswa maladi a fè w pèdi lè travay. Deske konpanyi asirans lan resevwa fòm lan de patwon w, yo gen 14 jou pou menen ankèt sou reklamasyon an epi detèminen si yap peye reklamasyon an ou non.

**ENPÒTAN:** Si patwon w pa voye *Fòm 101* a asirans lan nan peryòd 30 jou andomajman w lan, fòk ou rapote andomajman an pa ekri a konpanyi asirans lan, oswa ranpli *Reklamasyon Anplwaye a (Fòm 110)* DIA an epi voye yon kopi fòm lan okomplè bay asirans lan. Ou gen dwa jwenn, ranpli, epi enprime fòm lan nan seksyon Fòm ak Biblikasyon nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia).

### Patwon w oblige gen yon postè ki afiche nan lye travay lan ak non epi adrès konpanyi asirans

**Rekonpans Anplwaye yo ak enfòmasyon kontra a.** Si patwon w pa gen postè sa afiche e li pa vle ba ou non konpanyi asirans lan, Biwo Asirans DIA nan (617-626-5480 oubien 617-626-5481) pral eseye ede w. Si w sispek ke patwon w pa gen asirance, rele Biwo Ankèt nou an 856-321-7406.

## Kisa Ki Pase Lè Asirans Ian Deside Peye Reklamasyon an?

Si asirans lan dako peye reklamasyon an, yo pral voye ba ou yon *Notifikasyon Payman Asirans (Fòm 103)*.

### Ki lè benefis yo oswa chèk lan pral komanse?

Fòk ou komanse resevwa yon chèk nan aepre twa a kat semèn apre ou andomaje oswa malad. Ou pral resevwa rekonpansasyon pou salè ou pèdo pou nenpòt ki jou ou andomaje apre premye sink jou kalandriye komplè oswa pasyal. Ou pap rekonpanse pou premye sink jou ou enkapasite an sòfsi ou andomaje pou 21 jou kalandriye oswa plis.

Premye 180 jou apre andomajman inisyal ou konsidere kouwe peryòd "Peye San Prejije". Sa vle di ke asirans lan ka peye w benefis ou pou jiska 180 jou san ki li pa pran yon desizyon final nan ka w lan. **Lè yo peye w pandan peryòd sa PA VLE di ke yo aksepte responsabilite.** Pandan peryòd inisyal sa, asirans lan ka sispan oswa redwi payman w yo lè yo ba ou avi a lekri sèt jou an avans pa *Notifikasyon Asirans pou Tèminezon oswa Modifikasyon Rekonpans Chak Semèn Pandan Peryòd Payman San Prejije (Fòm 106)*. Fòl asirans lan bay rezon poutèt yo pran aksyon sa. Si asirans lan kontinye peye w apre peryòd sa, yo pral bezwen, an jeneral, pèmision w oswa yon jij pou sispan oswa redwi benefis ou. Si ou ta resevwa *Fòm 106* e ou resevwa notifikasyon tèminezon benefis, pou si ale konsilte ak yon avoka pou pale so dwa w ak responsabilite w.

Asirans lan ka mande w pou alonje peryòd inisyal 180 jou "Peye-San Prejije" pou jiska en an, ak ako w a lekri, sou yon *Ako Pou Alonje Peryòd Payman 180 Jou an San Prejije (Fòm 105)*. Fòk DIA apwouye fòm lan. Fòk ou asire ke ou gen konesans de tout dwa w avan ke ou bay ako w oswa sinyen nenpòt ki lòt dokiman.

## Kisa Kap Pase Lè Asirans Lan Nye Reklamasyon W?

Si asirans lan deside nye reklamasyon w lan, fòk yo voye pa lèt sètifye yon *Notifikasyon Negasyon Asirans lan (Fòm 104)*, enkli ak rezon pou negasyon an e fòk li enfòme w de dwa apèl ou. Si w gen keksyon konsènan negasyon an oswa mank payman sou fòm sa yo, rele reprezantan reklamasyon asirans lan. Nimewo telefòn yo pral sou fòm lan.

Si w pran yon avoka, fè avoka a rele reprezantan reklamasyon an konsènan negasyon an. Reprezantan reklamasyon an paka pale ave w konsènan reklamasyon depi ou pran yon avoka.

## Kisa Pou Fè Lè Asirans Lan Nye Reklamasyon W Lan, oubyen Ou Pas Resevwa Tout Benefis Ke Ou Gen Dwa A

Si yon asirans nye reklamasyon w, ou gen dwa anrejistre yon reklamasyon ak DIA an. **Si ou vle anrejistre yon reklamasyon ak DIA an, li bonjan rekomansde pou gen reprezantasyon legal nan pwen pwosedi an rive a.** Ranpli okòmplè ak bonjan enfòmasyon epi anrehustre yon *Reklamasyon Anplwaye (Fòm 110)* a DIA an, ke ou ka jwenn nan zòn “Fòm ak Piblikasyon” nan sit entènèt nou an, [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia) epi ak nan nenpòt ki biwo DIA. Pa voye fòm sa bay DIA sòfsi ou ta resevwa yon *Notifikasyon Negasyon Asirans (Fòm 104)*, oubyen 30 jou kalandriye oswa plis pase de dat andomajman w oswa malady w, epi ou poko tande anyen de asirans lan.

- Lè wap anrejistre *Fòm 110*, fòk ou si ou atache nenpòt ki prèv medikal ki sipòte reklamasyon w lan, enkli ak bodwo medikal ak rapò medikal (pa voye radyografi, MRI, elatriye) ki dokimante andomajman w oswa maladi ki an relasyon ak travay ou. Soumèt pakèt reklamasyon an a DIA an nan adrès ki make sou *Fòm 110*.
- Epitou fòk ou voye yon kopi *Fòm 110* tou ranpli bay asirans lan. Nou konseye w kenbe yon kopi fòm sa a pou dosye w.
- Deske DIA an resevwa *Fòm 110* ou an, ou pral gen yon randevou pou yon Konsilyasyon nan apepre de (2) semèn. Sa a pral komanse etap diskisyon an. Yap avize w a lekri de dat, lè ak ki kote reyinyon sa ap fèt.

**Tanpri Note:** Lè ou vini nan nenpòt ki biwo DIA pou yon chita tande, fòk ou si ke ou vini ak tout komunikasyon ke ou genyen de asirans lan oswa DIA an te voye ba ou, avèk kelke swa lòt papye ki gen relasyon ak ka w lan, **soutou Avi Chita Tande an ki di w pou vini nan DIA an.**

## Etap Diskisyon an

### 1. Konsilyasyon

Premye etap pwosedi Rezolisyon Diskisyon an komanse lè DIA resevwa yon nan fòm swivan yo:

1. *Reklamasyon Anplwaye a (Fòm 110)*, ki anrejistre pa yon anplwaye ki andomaje oswa ke avoka ou an anrejistre kont konpanyi asirans Rekonpanse Anplwaye a.
2. *Plent Asirans lan pou Modifikasyon, Sispansyon oswa Rekipere Rekonpansasyon (Fòm 108)*, ki anrejistre lè konpanyi asirans lan mande pèmisyon pou sispan oswa chanje benefis ou.

Deske yo resevwa yon nan fòm sa yo, yap ôtomatikman mete yon randevou pou yon reyinyon enfòmel and oumenm (oubyen reprezantan legal ou an), avoka asirans lan, epi yon mediyatè de DIA. Reyinyon sa, ki rele yon “Konsilyasyon,” nòmalman fèt nan apeprè 12 jou ouvrab apre yo anrejistre swa *Fòm 110* oubyen *Fòm 108*. Nan Konsilyasyonn, yon efò pral fèt pou eseye jwenn yon aranjman volontè ant oumenm ak asirans lan. Si paka gen yon aranjman volontè, estate reklamasyon w lan pral rete menm jan ke l te ye anvan sa, epi yo ka refere ka w lan devan yon nan jij nou yo pou yon Konferans.

### 2. Konferans

Konferans lan se yon chita tande legal enfòmèl devan yon Jij Administratif, e li fèt dabitud ant8 ak 1w3 semèn de dat Konsilyasyon an. Jij lan pral aprann sou ka a de prezantasyon tou de pati y oak soumisyon dokiman yo, kouwe

rapo medikal, deklarasyon salè w ak afidavi temwen yo. Temwen yo pap parèt. Oumenm oswa avoka w pral di jij la kisa temwen yo ta pral di.

Fòk ou montre nan Konferans lan:

- (A) ou te andomaje;
- (B) andomajman an oswa malady a te akòz travay la; epi
- (C) Ki bodwo medikal ki an kesyon an te pou tretman ki te nesesè.

Apre Konferans lan jij lan pral bay yon lòd, dwa li pral di asirans lan pou l peye w benefis ou oswa li pral deside ke yo pa oblige peye w benefis ou.

Kelke swa pati a ka fè apèl a Lòd Konferans lan an sèvan ak *Apèl Chita Tande yon Konferans* (Fòm 121). Ou gen 14 jou pou fè apèl apati de dat lòd lan. **Gen yon frè pou fè apèl de Lòd Konferans lan si apèl ou an baze sou yon rezon medikal.** Frè sa peye pou ke yon doktè nètr ka evalye w. Yo ka padònèn frè sa si ou ka pwouve ke ou paka peye frè lè w anrejistre yon *Afidavi Endijans ak Deman pou Padòn de Sek.11A (2) Frè* (Fòm 136). Se gen yon nan pati ki fè apèl a Lòd Konferans lan, yon chita tande fòrmèl fèt devan menm jij la.

### 3. Chita Tande [Pwosè]

**Chita tande a se yon pwosè fòrmèl legal ke li ye.** Dabitid se menm jij ki te fè Konferans lan ki koute chita tande a. Règleman Prèv Massachusetts pral aplike epi yo pral pran temwanyaj anba sèman. Yo pra rele temwen yo epi pati opozan an pral poze yo keksyon. Yon daktilografal legal pral anrejistre tout chita tande an.

Jij lan pral bay yon desizyon Chita Tande an kote swa lap ba ou benefis ou yo oubyen li pap ba ou yo. Kelke swa pati an ka fè apèl a desizyon an nan Komite Revizyon an sou *Apèl a Komite Revizyon an* (Fòm 112). Apèl sa ka fèt sèlman si pati deklare ke jij lan fè yon erè nan lalwa lè li bay desizyon lan oswa pandan Chita Tande a. Fòk yo resevwa apèl la anvan 30 jou apre desizyon Chita Tande an. Gen yon frè apèl ki egal a 30 poustan de Mwayenn Salè Pa Semèn Eta a<sup>1</sup> an plas pandan anrejistreman apèl lan. Yo ka padonen frè a lè yon anrejistre yon *Afidavi an Sipo Deman pou Padonen Frè Anrejistreman an Dapr Sek.11C* (Fòm 112A).

### 4. Komite Revizyon Aksidan Endistriyèl

Si youn oubyen toude pati yo vle fè apèl a desizyon Chita tande an, Komite Revizyon an ap kote epi deside apèl lan. Komite sa konprime de sis Jij Lwa Administratif, twa ladan yo pral gade transkripsyon chita tande ans. Yo ka mande pou plis rezime legal oswsa agiman oral nan menm pati yo. Komite Revizyon an gen dwa ranvèse oswa dako ak desizyon Jij Administratif lan, oubyen li ka jwenn ke ka a merite plis travay toujou, epi defere (voye tounen) ka a bay Jij Administratif lan pou pran plis enfòmasyon. Kelke swa pati a ka fè yon apèl sou desizyon Komite Revizyon an devan Tribunal Apèl nan peryòd 30 jou desizyon Komite Apèl lan.

### 5. Apèl Siplementè

Si youn oswa toude pati yo vle fè yon apèl a desizyon Komite Revizyon an, se Tribunal Apèl Massachusetts ki pral koute apèl lan.

## Kisa Ki Benefis Rekonpans Anplwaye Yo Ye?

### Benefis Enkapasite Total Tanporè (Sek. 34)

#### Ki Moun Ki Kalifye?

Ou kalifye si andomajman w oswa maladi w ta koze ou paka travay – konsidere laj, fòmasyon, ak eksperyans – pou sis oswa plis jou a plen oswa pasyal (jou yo pa bezwen konsekitif).

#### Kisa Benefis Yo Ye?

Benefis ou pral 60% mwayenn salè brut pa semèn (avan taks, avan benefis). Pou detèminen rekonpansasyon w, pran total salè brut pou tout travay ou fè pou 52 semèn avan andomajman an, enlli ovètym, bonis, elatruye, pou nenpòt ki travay pandan epok sa. Divize montan an pa 52 pou jwenn mwayenn salè w pa semèn. (**Note:** Si ou tap travay sèlman pou yon pati nan 52 semèn avan andomajman an oswa malady a, divize total brut salè a pa valè semèn ou travay nan ane pase ar, pou jwenn mwayen salè pa sem&n ou.) Multiplye mwayenn salè pa semèn ou an pa 60% (.60) pou jwenn apeprè rekonpansasyon pa semèn ou dapre Sek. 34. Maksimòm ke ou gen dwa resevwa se Mwayenn Salè Pa Semèn Eta a (MSPS) lè ou andomaje a.

#### Pandan Konbyen Tan?

Ou ka resevwa benefis sa pou jiska 156 semèn (3 zan). Rekonpansasyon an komanse sou sisyèm jou ke ou enkapasite an; ou pap rekonpanse pou premye sink jou ke ou enkapasite an sòfsi ou enkapasite pou 21 jou oswa plis. Jou sa yo pa bezwen konsekitif.

### Benefis Enkapasite Pasyèl (Sek. 35)

#### Ki Moun Ki Kalifye?

Ou kalifye si ou ka travay toujou men pèdi nan nan salè w poutèt andomajman w oswa malady w. Sa a ka enkli yon andomajman ki fòse w chanje travay ak mwens lajan, oubyen yon andomajman ki egzije ou travay mwens ètan.

#### Kisa Benefis Yo Ye?

Maksimòm rekonpansasyon dapre Sek. 35 se jiska 75% (.75) de sa total benefis tanporè pa semèn ou an tap ye. Pa egzamp, si ou resevwa \$440 pa semèn kouwe total benefis pa semèn, plis ke ou ka resevwa si ou ta resevwa benefis pasyèl ta \$330 pa semèn. ( $\$440 \times .75 = \$330$ ).

#### Pandan Konbyen Tan?

Ou ka resevwa benefis pou jiska 260 semèn (5 an).

### Benefis Enkapasite Pèmanan ak Total (Sek. 34A)

#### Ki Moun Ki Kalifye?

Ou kalifye si ou paka fè okenn travay swa totalman oswa pasyèlman akòz de yon andomajman oswa maladi ki gen relasyon ak travay ou. Ou pa oblige fini ak benefis tanpore w yo net avan ke ou aplike pou benefis pèmanan yo.

## **Kisa Benefis Yo Ye?**

Ou pral jwenn de-tye mwayenn salè pa semèn ou an (oubyen yon minimum de 20% de MSPS) baze sou 52 semèn avan ou andomaje a, jiska yon maksimòm MSPS lan. Ou gen dwa tou a Ajisteman Frè Pou Viv (AFPV) anyèl.

## **Pandan Konbyen Tan?**

Ou ka resewwa benefis pandan tout tan ou enkapasite an.

## **Benefis Medikal (Sek. 13 & Sek. 30)**

### **Ki Moun Ki Kalifye?**

Ou kalifye si ou soufri yon andomajman oswa maladi ki an relasyon ak travay ou ki oblige w al pran tretman medikal.

### **Kisa Benefis Yo Ye?**

Ou gen dwa a swen medikal ki adekwat ak rezonab poutèt andomajman oswa maladi an. Ou gen dwa tou a ranbousman preskripsyon medikaman ak ranbousman mileyaj pou ale vini nan vizit medikal yo pou andomajman oswa maladoi an ki anrelasyon ak travay la. Pou premye vizit ou kay doktè a oswa lopital, patwon w gen dwa pou chwazi yon founisè lasante kin an aranjman founisè prefere patwon an. Apre tretman inisyal lan, ou gen dwa chwazi pwò doktè pa w. Asirans lan gen dwa pou voye w de tan an tan al woue doktè pal pou yon evaliyasyon enkapasite w.

Deske yo fè rapo a bay konpanyi asirans ou an konsenan reklamasyon w, asirans lan oblige ba ou yon kat asirans ki gen nimewo reklamasyon ak enfòmasyon kontak li sou li. Bay doktè lan nimewo reklamasyon an pouke doktè a ka voye bodwo li bay asirans lan direkteman epi pou yo tou apwouve l pou ke li ka ba w swen pou andomajman an oswa maladi a. Si w pa resevwa kat sa touswit apre andomajman w oswa maladi w, rele asirans lane pi pran nimewo a paske laplipa doktè pap ba w swen san nimewo reklamasyon an.

## **Pandan Konbyen Tan?**

Ou ka resevwa benefis pandan tout tan ke ou oblige resevwa sèvis medikal oswa ospitalizasyon akòz de andomajman oswa malady an.

## **Benefis Pèt Pèmanan Fonksyon ak Disfigirasyon (Sek. 36)**

### **Ki Moun Ki Kalifye?**

Ou kalifye si yon andomajman oswa maladi an relasyon ak travay ou koze yon pèt pèmanan sèten fònksyon spesifik kò a, oswa ou soufri sikatrizasyon oswa disfigirasyon nan figi w, kou w oswa mèn w.

### **Kisa Benefis Yo Ye?**

W ap resevwa yon gren peyman pou disfigirasyon w e/oswa sikatrizasyon w. Yo peye benefis sa anplis de lòt peyman yo; pa egzamp, bodwo medikal, salè ou pèdi, elatriye. Montan yo peye a depan de kote ak severite disfigirasyon an oswa pèt fonksyon an.

Si out e andomaje oswa malad avan le 24 Desanm 1991, benefis ou yon tijan difèran. Rele Biwo Enfòmasyon Piblik nou an si ou ta gen okenn keksyon regadan benefis sa yo. si ou pa gen avoka, petèt wap vle rele Biwo

Konsilyasyon nou an deske asirans lan fè yon ò pou sikatrizasyon w ak disfigirasyon w epi aple ak yon Konsilyatè. Konsilyatè a ka ba ou lide sou si òf lan nan gid ki etabli yo.

### **Pandan Konbyen Tan?**

Wap resevwa yon gren payman pou pèt fonksyon kò, disfigirasyon e/oswa sikatrizasyon.

### **Benefis Souvivan/Depadan (Sek. 31)**

#### **Ki Moun Ki Kalifye?**

Ou kalifye si ou se epou/epouz oswa pitit yon anplwaye ki mouri poutèt andomajman oswa maladi an relasyon ak travay la. Timoun yo kalifye sèlman si yo gen mwens ke 18 an, etidyan a plen tan oswa paka travay poutèt doisabiliti fizik oswa mantal.

#### **Kisa Benefis Yo Ye?**

Epou/Epouz souvivan ka resevwa benefis chak semèn ki egal a de-tye mwayenn salè pa semèn anplwaye ki deseed an, jiska maksimòm Mwayenn Salè Pa Semèn Eta a (MSPS) ki sou plas lè yo vin andomaje oswa malad.

Epou/Epouz souvivan vin kalifye pou frè anyèl ajisteman lavi de (2) zan apre dat andomajman an oswa maladi an.

Si epou/epouz lan vin remarye, yap peye \$60 pa semèn a chak timoun ki kalifye a. Montan total yo peye chak semèn a timoun depandan yo paka depase montan ke epou/epuz lan tap resevwa an.

### **Pandan Konbyen Tan?**

Epou/Epouz souvivan an ka resevwa benefis sa depi yo rete depandan (jan jij la detèminen an) e yo pa remarye.

### **Depans Lantèman (Sek. 33)**

Seksyon 33. Nan tout ka, konpayi asirans lan dwe peye depans rezonab pou antèman an, pa depase 8 fwa salè mwayèn chak semèn nan Massachusetts jan yo detèmine dapre sou seksyon (a) seksyon 29 nan chapit 151A.

### **Lè Benefis Yo Gen Dwa Sispann oswa Redwi**

Gen plizye rezon poukisa benefis ou gen dwa sispann oswa redwi. Egzamp nan rezon sa yo se:

- Yon Jij Administratif, Komite Revizyon an, tribunal ki pli wou plase, oswa yon abit pase loòd pou sispann benefis yo.
- Ou tounen travay. Fòk asirans lan rekomanse benefis yo deske ou sispann travay anko akoz de menm andomajman an nan delè de 28 jou, depi ke asirans lan aksepte oswa ba yo responsabilite pou andomajman w lan.
- Doktè kap ba w swen oswa yon doktè legal ki empasyal remèt yon rapò medikal bay asirans lan ki deklare ke ou ka tounen travay, **epi** patwon w deklare a lekri ke gen yon travay ou ka fè ki disponib pou ou e ke doktè w apwouve l.
- Yon Ofisyè Reabilitasyon Vokasyonèl DIA mande w ale nan yon evaliyasyon e ou refize ale, oswa ou refize kòpore ak pwovizyon sèvis reabilitasyon vokasyonèl.

- Yo mande w al nan klinik doktè asirans lan pou evalyasyon e ou pa ale.
- Ou nan prizon apre yo jwenn ou koupab yon krim mine oswa majè.

## Ako Yon Gren Vesman

Yon ako yon gren vesman se yon kontra legal ant oumen, asire an, ak nan sèten ka patwon lan. **Yon ako yon gren vesman se yon gren peyman ki nòmalman fèt nan plas chèk rekompansasyon pa semèn ou an.** Yon gren peyman an pap afekte benefis medikal ou yo. Fòk ou si lè ou aksepte yon ako ke ou byen si ou kon dwa w yo, e ke ou kon kisa wap vag, kòm wap bonjan konsidere si wap aksepte ako a pou tèt pa w nan enterè w. Anko, sa a se yon bon lè pouy pran konsèy legal. Li pa otomatik pou yo bay yon gren vesman an; fòk oumenm ak asirans lan dako pouf è sa, e nan pi fò tan, fòk yon Jij Administratif DIA apwouve l.

Lè w resevwa yon gren vesman an, petèt ou toujou ka kalifiye pou asirans lan peye Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl yo. Diskite dwa sa yo ak jij lan oswa avoka w avan ou sinyen okenn kontra.

Ale nan sit entènèt nou an nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia) anba "Department of Industrial Accidents Publications" pou telechaje yon Bwochu Yon Gren Vesman.

## Sèvis Reabilitasyon Vokasyonèl

Bi reabilitasyon vokasyonèl (RV) lan se pou fè tounern travay ak preske men salè out e genyen avan ou te andomaje a oswa malad lan, si salè a pap plis menm. Sèvis RV yo kouvri tout sèvis **non-medikal** ke ou ta ka bezwen pou tounnen nan yon travay apwopriye.

Depandan de sitiyasyon w, sèvis yo *ka enkli*: evaliyasyon kapasite w, tès vokasyonèl epi kou fòmasyon, fòmasyon konsèy oswa gide w, modifikasyon kote wap travay la, edikasyon fòmèl, ak ede w jwenn travay.

Si ou ta resevewa yon avi pou rankontre ak yon nan Ofisyè Revizyon RV nou yo, fòk ou ale nan reyinyon an. **Si ou pata vini nan reyinyon sa, yo ka koupe benefis ou yo.** Reyinyon sa se pou determinen si ou kalifye pou sèvis ki fèt pou ede w tounnen travay. Si ou refize patitispe nan yon pwogram reabilitasyon apre ke yo jwenn ke ou kalifye, ak pèmision DIA konpanye asirans lan ka redwi benefis pa semèn ou an. Pou plis enfòmasyon, ale nan sit entènèt nou an nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia) oubyen rele Biwo Enfòmasyon Piblik nan (857) 321-7470 pou yon Bwochi RV.

## Kijan Pou Verifye Kouverti Rekonpansasyon Anplwaye

DIA founi yon sit entènèt gratis "Prèv Kouvèti" (PK) ki ka ede verifye si yon patwon gen yon polis Rekonpansasyon Anplwaye ki ajou. Malgre zouti PK an pa fèt pou detekte fwòd, li ka ede detèminen si fwòd lan egziste. Pou gen aksè a zouti PK an, ale nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia) epi klike sou link "Verifye Kouvèti Rekonpansasyon Anplwaye."

Apr eke ou fin chèke zouti PK an ou panse ke patwon an pa founi kouvèti an, rele Biwo Ankèt nou nan (857)-321-7313 oubyen nimewo gratis lan nan 1-877-MASSAFE (627-7233). Oubyen ranpli fòm referans lan sou entènèt la.

## Keksyon Ke Anplwaye Ki Andomaje Mande Anpil

Pou "Keksyon yo Mande Anpil," ale nan sit entènèt nou nan [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia).

## **Enfòmasyon Piblik**

Demach pou anrejistre yon reklamasyon Rekonpansasyon Anplwaye ka gen anpil konfizyon. Ti liv sa ka reponn keksyon de baz. Si ou bezwen plis enfòmasyon, rele nanpòt nan biwo reyjonal nou yo oswa rele biwo nan Boston lan, andan Massachusetts:(800) 323-32491 . Pa nan Massachusetts, rele 857-321-7470. Ou ka ale vizite [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia).

TDD (teletip sèlman pou moun ki soud): 1-800-224-6196

## **Biwo Reyjonal DIA**

### **Boston**

Lafayette City Center  
2 Avenue de Lafayette  
Boston, MA 02111-1750  
(617) 727-4900, (800) 323-3249

### **Fall River**

1 Father DeValles Boulevard, 3rd Floor  
Fall River, MA 02723  
(508) 676-3406

### **Lawrence**

354 Merrimack Street  
Entrance C, Suite 230  
Lawrence, MA 01843  
(978) 683-6420

### **Springfield**

436 Dwight Street  
Springfield, MA 01103  
(413) 784-1133

### **Worcester**

Mercantile Center  
100 Front St., Suite 310  
Worcester, MA 01608  
(508) 753-2072

### **Kòmenwelt Massachusetts**

### **Biwo Egzekitif Travay ak Devlopman Anplwyate**

### **Depatman Aksidan Endistriyèl**

*GID OU A REKONPANSASYON ANPLWAYE* pibliye pa Depatman Aksidan Endistriyèl Massachusetts,  
Lafayette City Center. 2 Avenue de Lafayette, Boston, MA 02111-1750 - Oktòb, 2019 – Enprime sou papye  
ki resikle